

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Saméméh ngajéntrékeun métode panalungtikan anu digunakeun, dijenétrekeun heula pamarekan panalungtikanna. Pamarekan ieu panalungtikan nyaéta kuantitatif, sabab dina ngumpulkeun data, nafsirkeun data, sarta hasil ahir datana ngagunakeun angka. Métode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode kuasi ékspérimén atawa ékspérimén semu. Métode kuasi ékspérimén mangrupa métode anu ngayakeun kagiatan percobaan pikeun mikanyaho hubungan kausalitas antara variabel anu ditalungtik. Ieu métode ngan ngagunakeun hiji kelas ékspérimén, teu ngagunakeun kelas kontrol. Tina ieu métode, bakal katitén kamampuh siswa dina nulis sisindiran antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Everyone is a Teacher Here*.

3.1 Desain Panalungtikan

Nurutkeun (Arikunto, 2012), desain panalungtikan kuasi ékspérimén téh aya tilu rupa, nyaéta: (1) one shot case study; (2) one group pretest-posttest design; jeung (3) posttest only control group design. Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta one group pretest-posttest design. Ieu desain panalungtikan dijenétrekeun ngaliwatan bagan di handap. **Tabel 3.1**

Desain Panalungtikan		
O1	X	O2

(Arikunto, 2012)

Keterangan:

O1 = *Pre-test* (hasil panalungtikan saméméh dibéré *treatment*)

X = *Treatment* (diajar nulis téks sisindiran ngagunakeun modél *Everyone is a Teacher Here*)

O2 = *Post-test* (hasil panalungtikan sanggeus dibéré *treatment*)

3.2 Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh siswa nulis téks sisindiran kelas XI-1 di SMA Negeri 6 Bandung. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas XI-1 di SMA Negeri 6 Bandung Taun Ajar 2023/2024. Jumlah siswa aya 34 urang, nyaéta 23 urang siswa awéwé jeung 11 urang siswa lalaki. Anu lokasina di Jalan Pasir Kaliki No.51, Kel. Arjuna, Kec. Cicendo, Kota Bandung, Jawa Barat, 40172. Data dina ieu panalungtikan téh nyaéta nulis téks sisindiran. **Tabel 3.2**

Jumlah Siswa Kelas XI-1 SMA Negeri 6 Bandung

Jenis Kelamin	Jumlah Siswa
Lalaki	11
Awéwé	23
Jumlah Sakabéh Siswa : 34	

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur ieu panalungtikan téh nétélakeun sababaraha léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan, nyaéta 1) Masalah anu karandapan dina pangajaran nulis

Saméméh dilaksanakeun ieu panalungtikan, diayakeun wawancara ka guru basa Sunda di SMA Negeri 6 Bandung ngeunaan pasualan nu karandapan di kelas nalika nepikeun bahan ajar nulis téks sisindiran, hususna di kelas XI-1 luyu jeung kurikulum nu dipaké.

2) Rumusan Masalah

Sanggeus ngaidéntifikasi masalah, léngkah satuluyna nyaéta ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan anu karandapan. Masalah anu karandapan nyaéta, kamampuh nulis téks sisindiran di kelas XI-1 SMA Negeri 6 Bandung.

3) Raraga Tiori

Sanggeus ngarumuskeun masalah, tuluy panalungtik nangtukeun tiori anu ngarojong kana ieu panalungtikan.

4) Ngarumuskeun Hipotésis

Sanggeus nangtukeun tiori, tuluy ngarumuskeun hipotésis. Hipotésis nyaéta jawaban anu sipatna *sementara* pikeun masalah panalungtikan anu baris kabuktian jawabanna ngaliwatan data anu geus kakumpulkeun.

5) Ngarumuskeun Instrumén Panalungtikan

Sanggeus ngarumuskeun hipotésis, tuluy panalungtik ngarumuskeun instrumén panalungtikan anu digunakeun nalika panalungtikan, nyaéta mangrupa soal *pretest* jeung *post-test* nulis téks sisindiran.

6) Ngumpulkeun Data (*pre-test, treatment, post-test*)

Sanggeus kapanggih masalah anu aya di SMA Negeri 6 Bandung Kelas XIA taun ajar 2023/2024, tuluy ngalaksanakeun panalungtikan ka kelas anu fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téknik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téknik tés. Tés dilaksanakeun dua kali, saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here*. Kamampuh awal dilakukeun saméméh *treatment*, anu miboga tujuan pikeun mikanyaho kamampuh nulis téks sisindiran saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here*. Kamampuh sanggeus dilakukeun *treatment* anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nulis téks sisindiran sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here*..


7) Analisis Data

Data anu dikumpulkeun ngaliwatan tés anu dilaksanakeun ka siswa satuluyna dianalisis ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi *SPSS PASW (Statistical Product and Service Solution)* versi 18.

8) Nyieun Laporan

Sanggeus panalungtik ngalaksanakeun sakabéh Prosedur panalungtikan, tuluy panalungtik nyusun laporan hasil tina panalungtikanna.

Sangkan leuwih jéntré, Prosedur panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1 Prosedur Panalungtikan

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan, téknik panalungtikan nu dipaké pikeun ngumpulkeun data nya éta téknik tés tulis. Téknik ngumpulkeun data (tés) nu dilaksanakeun saméméh jeung saenggeus uji coba modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here* dina pangajaran nulis sisindiran. Tés awal (*pretest*) dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa saméméh siswa dibéré *treatment* ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here*. Sedengkeun tés ahir (*posttest*) dilaksanakeun pikeun mikanyaho hasil ahir diajar siswa saenggeus ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here*.

Léngkah-léngkah dina téhnik ngumpulkeun data ngawengku sababaraha tahap saperti ieu.

- 1) Ngalaksanakeun proses diajar-ngajar matéri sisindiran teu ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here*.
- 2) Siswa migawé pancén nu mangrupa *pretest* sisindiran pikeun mikanyaho pangaweruh awal siswa kana nulis sisindiran.
- 3) Sanggeus mikanyaho pangaweruh siswa dina nulis sisindiran ngaliwatan *pretest* anu geus dilaksanakeun, panalungtik nangtukeun pakakas anu digunakeun nyaéta modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here*.

- 4) Nyiapkeun matéri pangajaran jeung modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here*.
- 5) Ngalaksanakeun proses diajar-ngajar ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here* dina matéri nulis sisindiran.

Saenggeus ngalaksanakeun proses diajar-ngajar ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here* satuluyna dilaksanakeun *posttest* pikeun mikanyaho kamampuh siswa sanggeus dibéré *treatment* naha aya béda signifikan atawa henteu.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Dina ngajawab pasualan panalungtikan, instrumén diperlukeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data tur nguji hipotésis sangkan bisa ngahontal udagan dina panalungtikan. Nurutkeun (Sugiyono, 2017) instrumén panalungtikan mangrupa salasahiji alat nu digunakeun pikeun rupa-rupa kajadian, boh éta kajadian alam atawa sosial nu dititénan. Sacara spésifik disebut variabel panalungtikan.

Dina prak-prakana panalungtikan dilaksanakeun kalawan tés awal (*pre-test*) jeung tés ahir (*post-test*) anu pungsina pikeun mikanyaho kamampuh siswa kelas XI-1 SMA Negeri 6 Bandung dina nulis téks sisindiran saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here* jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here*.

Tés anu digunakeunna nyaéta tés tulis nu mangrupa paréntah nyieun téks sisindiran. Anu baris dipeunteun dina hasil nulis téks sisindiran siswa éta téh aya lima aspék, nyaéta;

- 1) eusi téks sisindiran;
- 2) diksi;
- 3) purwakanti;
- 4) guru wilangan;
- 5) éjahan; jeung
- 6) karapihan tulisan.

Ieu di handap mangrupa instrumén anu digunakeun dina ngukur kamampuh nulis téks sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here*.

Tabel 3.3

Instrumen Panalungtikan

Rafli Prayoga Ramadhan, 2023

MODEL EVERYONE IS A TEACHER HERE DINA PANGAJARAN NULIS SISINDIRAN (STUDI KUASI EKSPERIMEN KA SISWA KELAS XI-1 SMA NEGERI 6 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

TÉS NULIS TÉKS SISINDIRAN

Pék ku jieun hiji sisindiran dina wangun rarakitan, paparikan, wawangsalan masing-masing hiji anu eusina pilih salasahiji antara silihasih, piwuruk, jeung sésébréd!

3.6 Analisis Data

Data anu geus dikumpulkeun tuluy diolah jeung dianalisis pikeun mikanyaho hasil *pre-test* jeung *post-test* tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun. Data tina hasil panalungtikan anu dilaksanakeun ditujukeun pikeun mikanyaho masalahmasalah di handap.

- A. Kumaha kamampuh maca sisindira siswa kelas XI-1 SMA Negeri 6 Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here*?
- B. Naha modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here* éféktif pikeun siswa kelas XI-1 SMA Negeri 6 Bandung taun ajar 2023/2024 dina nulis sisindiran?

Pikeun maluruh masalah-masalah di luhur, aya sababaraha léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan, nya éta:

- C. Mariksa hasil pretest jeung post-test:
- D. Meunteun hasil tést siswa kalawan rumus Peunteun Σ _____ Skor nu kahontal $\times 100$ Σ Skor Maksimal
- E. Nyindekkeun naha modél nu dipaké téh aya parobahan henteu pikeun pangajaran nulis sisindiran.

Sanggeus diolah nepi kacindekanana, ieu panalungtikan disusun jadi laporan dina wangun skripsi luyu jeung katangtuan nu aya. Pikeun ngukur kamampuh siswa aya rentang nilaina, tuntas jeung can tuntas. Dina krtiteria panilaianana ogé aya rentang nilaina, ti mimiti kurang pisan, kurang, sedeng, hadé jeung hadé pisan.

Pikeun leuwih jéntré, ieu di handap mangrupa tabél panilaianana.

Tabel 3.4

Kategori Peunteun

Peunteun	Keterangan
>75	Tuntas
<75	Can tuntas

Pedoman pikeun méré peunteun kana hasil nulis sisindiran siswa aya dina aspék eusi, diksi, purwakanti, guru wilangan, éjahan, karapihan nulis.

Eusi sisindiran kudu miboga harti nu sapanuju jeung watek sisindiran. Diksi nyaéta pilihan kecap anu miboga harti nu . Purwakanti nyaéta pilihan jeung pola tulisan nu nyambung dina runtuyan kalimahna atawa tungtung vokal nu sarua. Guru wilangan nyaéta runtuyan kecap nu kauger ku ugeran dalapan engang, misal ugeranna (8a, 8i. 8a, 8i), (8i, 8é, 8u. 8i, 8é, 8u) jrrd. Éjahan kaasup kana kaédah tanda baca dina hurup, kecap, kalimah. Karapihan bisa kaasup kana tata tinulis, gramatikal.

Tabel 3.5

Kritéria Méré Skor nulis sisindiran

NO	Aspék nu dipenteun	Skor	kritéria	Skor maksimal
1	Eusi	5	Hadé pisan	5
		4	Hadé	
		3	Sedeng	
		2	Kurang	
		1	Kurang pisan	
2	Diksi	5	Hadé pisan	5
		4	Hadé	
		3	Sedeng	
		2	Kurang	
		1	Kurang pisan	
3	Purwakanti	5	Hadé pisan	
NO	Aspék nu dipenteun	Skor	kritéria	Skor maksimal
		4	Hadé	5
		3	Sedeng	
		2	Kurang	
		1	Kurang pisan	
4	Guru wilangan	5	Hadé pisan	

		4	Hadé	5
		3	Sedeng	
		2	Kurang	
		1	Kurang pisan	
5	Éjahan	5	Hadé pisan	5
		4	Hadé	
		3	Sedeng	
		2	Kurang	
		1	Kurang pisan	
6	Karapihan nulis	5	Hadé pisan	5
		4	Hadé	
		3	Sedeng	
		2	Kurang	
		1	Kurang pisan	
Skor Maksimal				30

(Kuswari, 2010)

Katégori = Peunteun > 75 siswa dianggap tuntas dina nulis sisindiran

Peunteun < 75 siswa dianggap can tuntas dina nulis sisindiran

Tabel 3.6

Tabulasi Nilai Nulis Sisindiran

No	No. Absen Siswa	Kamampuh Nulis Sisindiran								Katégori
		A	B	C	D	E	F	Σ	P	
1.										
2.										
3.										

4.										
...										
Σ										
X										

Keterangan:

A = eusi téks sisindiran

B = diksi

C = purwakanti

D = guru wilangan

E = éjahan

F = karapihan tulisan

Σ = Jumlah

P = Peunteun

X = Rata-rata dina bentuk persentase

3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data ngawengku uji normalitas pikeun mikanyaho normal henteuna data, sarta ngalakukeun uji hipotésis. Ieu panalungtikan dianalisis ngagunakeun aplikasi *SPSS (Statistical Product and Service Solution)* versi 18.

3.6.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas miboga fungsi sangkan mikanyaho normal atawa henteuna data nu digunakeun dina ieu panalungtikan. Nurutkeun (Sujarweni, 2007), uji normalitas miboga tujuan pikeun mikanyaho distribusi data dina variabel nu digunakeun dina panalungtikan. Ku kituna, aya sababaraha métode pikeun nguji normal atawa henteuna data, salasahijina nyaéta *Kolmogorov-smirnov* atawa *Shapiro Wilk*.

Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_1 : distribusi data normal

H_0 : distribusi data teu normal

Uji normalitas dina ieu panalungtikan dilakukeun ku cara uji *Shapiro-Wilk* ku sabab jumlah data unggal kelompok kurang ti 50, kalawan kritéria saperti ieu di handap.

H_1 : ditarima, saupama nilai signifikan (sig) $\geq 0,05$

H_0 : ditarima, saupama nilai signifikan (sig) $\leq 0,05$

3.6.1.2 Uji Hipotésis

Nurutkeun (Arikunto, 2012) hipotésis asalna tina kecap “*hipo*” nu hartina di handap, jeung “*tesis*” nu hartina bebeneran. Ku kituna, hipotésis nyaéta dugaan nu can tangtu bebeneranana, bisa disebut bener lamun geus dirojong ku bukti-bukti anu geus diuji ngaliwatan panalungtikan. Dina uji hipotésis, aya dua cara nu bisa dipaké. Upama hasil uji normalitas nunjukeun hasil data anu distribusina normal, éta data diuji ngagunakeun *Statistic Parametric* kalawan ngagunakeun T-test. Sedengkeun hasil uji normalitas nunjukeun hasil data anu distribusina teu normal, éta data diuji hipotésisna ngagunakeun *Statistic non-parametric* kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon Match Pairs Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis, dumasar kana kritéria saperti ieu di handap.

H_0 (Hipotésis nol)	: Henteu aya béda anu signifikan antara saméméh jeung sanggeus digunakeun modél pangajaran <i>Everyone is a Teacher Here</i> dina pangajaran nulis téks sisindiran siswa kelas XI-1 SMA Negeri 6 Bandung Taun Ajar 2023/2024.
H_1 (Hipotésis alternatif)	: Aya béda nu signifikan antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran <i>Everyone is a Teacher Here</i> dina pangajaran nulis téks sisindiran siswa kelas XI-1 SMA Negeri 6 Bandung Taun Ajar 2023/2024.